



Kisa kansè ye?

Yon gid pou pasyan yo ak fanmi yo

What is cancer?

A guide for patients and families

Kisa kansè ye?

Kansè kapab kòmanse nenpòt kote nan kò a. Li kòmanse lè selil yo grandi san kontwòl epi lè yo vin pi plis pase selil nòmal yo. Sa lakòz li difisil pou kò a travay nan fason li ta dwe a.

Kansè kapab trete trè byen pou anpil moun. Anreyalite, plis moun pase anvan mennen lavi yo byen apre yo te swiv tretman pou kansè.

Nan dokiman sa a nou pral eksplike kisa kansè ye ak fason li trete.

W ap jwenn yon lis mo sou kansè ak sa yo vle di nan fen enfòmasyon sa yo.

Eleman debaz kansè

Kansè se pa sèlman yon maladi.

Gen anpil kalite kansè. Li pa sèlman yon maladi. Kansè kapab kòmanse nan poumon yo, nan tête, nan kolon, oswa menm nan san an. Kansè yo sanble nan kèk fason, men

yo diferan nan fason yo grandi ak simaye.

Kijan kansè yo sanble?

Tout selil ki nan kò nou yo gen sèten djòb pou yo fè. Selil nòmal yo separe nan yon fason ki òdone. Yo mouri lè yo epuize oswa domaje, epi nouvo selil yo ranplase yo. Kansè se lè selil yo kòmanse grandi san kontwòl. Selil kansè yo ap kontinye grandi ak fè nouvo selil. Yo vin pi plis pase selil nòmal yo. Sa lakòz kèk pwoblèm nan pati kò a kote kansè a trete.

Selil kansè yo kapab simaye nan lòt pati kò a. Pa egzanp, selil kansè ki nan poumon an kapab ale nan zo yo pou grandi ladan yo. Lè selil kansè a ap simaye, sa rele metastaz. Lè kansè poumon an simaye nan zo yo, li toujou rele kansè poumon. Pou doktè yo, selil kansè ki nan zo yo ap senpleman sanble avèk sa ki nan poumon an. Sa pa rele kansè zo sof si li te kòmanse nan zo yo.

Kijan kansè yo diferan?

Kèk kansè grandi epi yo simaye vit. Lòt kansè yo grandi pi dousman. Yo reponn nan tretman an nan fason ki diferan tou. Kèk kalite kansè trete pi byen avèk operasyon; lòt yo reponn pi byen nan medikaman ki rele kimyoterapi. Souvan doktè yo itilize 2 oswa plis tretman pou yo jwenn pi bon rezulta.

Lè yon moun gen kansè, doktè a ap vle chèche konnen ki kalite kansè li ye. Moun ki gen kansè bezwen tretman ki efikas pou kalite kansè yo.

Kisa timè yo ye?

Pifò kansè fòme yon ti boul ki rele timè oswa kwasans. Men se pa tout ti boul yo ki kansè. Doktè yo pran yon moso nan boul la pou yo analize li pou yo chèche konnen si se kansè li ye. Ti boul ki pa kansè yo rele beniy. Ti boul ki kansè yo rele maliy.

Gen kèk kansè, tankou lesemi (kansè san), ki pa fòme timè. Yo grandi nan selil san an oswa nan lòt selil kò a.

"W ap gen yon laperèz lè doktè fè ou konnen ou gen kansè. Li difisil nan kòmansman an pou reflechi sou nenpòt bagay, men sou dyagnostik ou. Se sou premye bagay ou reflechi chak maten. Mwen vle moun ki gen kansè konnen li vin pi bon. Si ou pale sou kansè ou sa ap ede ou kontwole tout nouvo emosyon ou santi yo. Sonje, li nòmal pou fache." – Delores, sivivan

kansè

Nan ki etap kansè a ye?

Doktè a ap bezwen konnen tou si ak kijan kansè a simaye apati kote li te kòmanse a. Sa rele etap kansè a. Ou te ka tande lòt moun di kansè yo te nan etap 1 oswa etap 2. Si ou konnen nan ki etap kansè ou ye sa ap ede doktè a deside ki kalite tretman ki pi bon pou ou.

Pou chak kalite kansè gen tès ki kapab fèt pou doktè a konnen nan ki etap kansè a ye. Kòm yon règ, yon etap ki ba (tankou etap 1 oswa 2) vle di kansè a pa simaye anpil. Yon chif ki wo (tankou yon etap 3 oswa 4) vle di kansè a simaye pi plis. Etap 4 la se etap ki pi wo a.

Mande doktè ou pou li eksplike ou etap kansè ou ak sa li vle di pou ou.

Kijan kansè trete?

Tretman ki pi komen pou kansè se operasyon, kimyoterapi, ak radyasyon.

Doktè a kapab itilize operasyon pou retire kansè a. Doktè a ta ka retire kèk nan pati kò kansè a afekte oswa tout pati kò a nèt. Pou kansè tete, doktè a ta ka retire yon pati nan tete a (oswa tout tete a). Pou kansè pwostat, doktè a ta ka retire glann pwostat la. Doktè yo pa itilize operasyon pou tout kalite kansè yo. Pa egzanp, kansè san tankou lesemi pi byen trete avèk medikaman.

Kimyo (mo kout pou kimyoterapi) se itilizasyon medikaman pou touye selil kansè yo oswa pou ralanti kwasans yo. Doktè kapab bay kèk kimyo nan IV (nan yon zegwi ki antre nan yon venn), epi doktè kapab bay lòt yo kòm yon gressou pou ou vale. Paske medikaman kimyo yo ale nan prèske tout pati kò a, yo itilize pou kansè ki simaye a.

Doktè itilize radyasyon pou touye selil kansè yo oswa pou ralanti kwasans yo. Doktè kapab itilize li sèlman oswa avèk operasyon oswa kimyo a. Tretman avèk radyasyon se tankou lè ou resevwa yon reyon x. Pafwa doktè a bay li lè li mete yon "gressou" andedan kansè a pou degaje radyasyon an.

"sa ki te itil pou mwen se te lè mwen te pran tan pou fè bak epi pou wè gwo imaj la. Lè mwen te jwenn respons pou kesyon mwen yo sa te ede mwen pran yon bon desizyon. Mwen te fè sa mwen te vle a ak sa mwen te bezwen fè a. Mwen te fè bagay ki te fè mwen alèz, pa sa lòt moun te panse mwen te bezwen fè pou mwen alèz."

– Kevin, sivivan kansè

Ki tretman ki pi bon pou mwen?

Tretman kansè ou ap depannde sa ki pi bon pou ou a. Kèk kansè reponn pi byen nan operasyon an; lòt yo reponn pi byen nan kimyo a oswa nan radyasyon an. Premye etap pou konnen ki tretman k ap efikas pi byen pou ou se konnen ki kalite kansè ou genyen an.

Etap kansè ou ap ede doktè a deside ki tretman ki pi bon pou ou tou. Yon kansè etap 3 oswa 4 ap gen chans pou reponn pi byen nan tretman ki trete tout kò a, tankou kimyo.

Sante ou ak tretman ou pi pito a ap jwe yon pati nan desizyon w ap pran sou tretman kansè ou. Se pa tout kalite tretman k ap travay pou kansè ou, poutèt sa mande ki chwa ou genyen. Epitou tretman yo gen reyakson negatif, poutèt sa poze kesyon sou rezilta pou espere avèk chak tretman.

Pa pè poze kesyon. Se dwa ou pou konnen ki tretman ki pi ka ede ou epitou pou konnen kisa reyakson negatif yo ka ye.

Pou kisa sa te rive mwen?

Moun ki kansè mande souvan, "Kisa mwen te fè ki pa t bon?" oswa "Pou kisa se mwen?" Doktè yo pa konnen sa ki lakòz kansè yo avèk presizon. Lè doktè yo pa bay yon kòz, moun yo ka bay lide pa yo sou rezon ki fè sa te pase.

Kèk moun panse yo anba pinisyon pou yon bagay yo te fè oswa yo pa t fè lontan. Pifò moun ap mande si yo te fè yon bagay ki lakòz yo gen kansè a.

Si ou gen santiman sa yo, ou pa poukont ou. Mon ki gen kansè gen panse ak reflechi konsa souvan. Ou dwe konnen kansè se pa yon pinisyon pou aksyon ou te fè anvan yo. Pa eseye repwoche tèt ou oswa pa konsantre sou chèche fason ou te ka evite kansè a. Kansè se pa fòt ou, epi pa janm gen yon fason pou jwenn sa ki te lakòz li. Olye sa, konsantre sou fason w ap pran swen tèt ou byen.

Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) ou kapab ba ou plis enfòmasyon sou kansè ak tretman kansè. Rele nimewo 1-800-227-2345 nenpòt lè lajounen oswa lannwit.

Fason pou pale avèk moun pa ou sou kansè

Li kapab difisil pou pale sou kansè a, menm avèk moun ou renmen yo. Si ou konnen ou gen kansè sa kapab lakòz ou gen anpil sansasyon, tankou tristès, kòlè, ak laperèz. Pafwa li difisil pou konnen kijan ou santi ou, tankou ou pale mwens avèk lòt moun yo sou sa.

Moun pa ou yo ka gen yon moman difisil tou pou yo pale sou kansè a. Li pa fasil pou yo konnen sa ou panse pou yo ede ou oswa pou yo fè ou santi ou pi byen.

Men kèk ti konsèy pou ede ou ak moun pa ou yo kontwole kansè a:

- Fè fanmi ou ak zanmi ou konnen kansè ou imedyatman ou konnen ou gen sa. Pi bonè oswa pi tan, y ap konnen ou gen kansè kanmenm. Yo ta ka santi yo frape oswa izole si yo pa t tande ou te di yo sa.
- Lè w ap pale avèk yo, eksplike yo ki kalite kansè ou genyen ak fason w ap trete li. Fè yo konnen ou pa kapab transmèt li ba okenn moun.
- Kite zanmi ak fanmi ou ede ou, epi fè yo konnen ki kalite èd ou bezwen. Si ou bezwen yon woulib pou ale nan klinik doktè oswa nan lopital, fè yo konnen sa. Si ou bezwen èd nan kay la, fè yo konnen sa tou. Ka gen moman lè ou pa byen konnen sa ou bezwen. Pa gen pwoblèm. Senpleman fè yo konnen ou pa byen konnen, men w ap fè yo konnen lè ou konnen sa ou bezwen.
- Fè moun ki pi pre ou yo konnen kijan ou santi ou. Sa ka pa fasil, men li kapab yon fason ki enpòtan anpil pou jwenn sipò ou bezwen an lè ou bezwen li pi plis. Si ou gen pwoblèm pou pale sou santiman, ou ta ka jwenn yon gwoup sipò oswa yon konseye sante mantal pou ede ou.
- Si ou gen zanmi oswa fanmi k ap di ou "konsole ou" lè ou pa santi ou byen pa gen pwoblèm pou mande yo senpleman pou yo koute ou, epi pou yo pa di ou sa pou fè. Pafwa ou bezwen pale sou sa k ap pase a san ou pa resevwa konsèy pou sa.
- Si kèk moun pa ALÈZ pou yo pale sou santiman yo, pa fache pou sa. Eseye pale avèk lòt moun ki ta ka koute ou.
- Ou ka pa kapab fè bagay ou t ap fè anvan ou te gen kansè a. Si sa vrè, fè fanmi ou ak zanmi ou yo konnen sa.
- Li pi bon pou fanmi ou ak zanmi ou yo pou yo kontinye fè bagay yo te konn fè anvan ou te gen kansè a. Yo pa ta dwe santi yo koupab pou yo fè sa.
- Si ou santi ou tris oswa deprime, pale avèk doktè ou, enfimyè ou, oswa dirijan reliye ou. Ou kapab rele Sosyete Ameriken pou Kansè tou nan nimewo 1-800-227-2345.

"Premye fwa ou di, 'Mwen gen kansè' fò otan ou kapab. Tank ou di sa, tank I ap vin pi fasil pou di mo yo. Tankou mwen te pale sou kansè tete mwen, tankou li te pi fasil pou mwen pou aksepte nan sa mwen te ye a. Mwen te

jwenn li dwòl pafwa mwen te gen pou konsole moun mwen t ap pale avèk yo sou kansè mwen."

– Helen, sivivan kansè

Mo kansè ou ka tandé

Mo sa yo se mo ou ka tandé ekip swen sante ou itilize.

Beniy: yon timè ki pa kansè

Biopsy / Byopsi: lè doktè a pran yon moso tisi pou li wè si gen selil kansè ladan

Kansè: yon mo yo itilize pou dekri plis pase 100 maladi kote selil yo grandi san kontwòl; oswa yon timè ki gen kansè ladan

Chimyoterapi: itilizasyon medikaman pou trete kansè. Mo a vle di souvan medikaman yo itilize pou trete kansè. Pafwa yo senpleman rele li "kimyo."

Maliy: ki gen kansè ladan

Metastaz/Ki Metastaze: selil kansè a k ap simaye nan zòn ki lwen nan kò a jiska sistèm lenfatik la oswa kouran sangen an

Onkolojis: yon doktè ki trete moun ki gen kansè

Radyo-terapi: itilizasyon reyon ki gen anpil enèji, tankou reyon x, pou trete kansè

Remisyon: lè tout oswa yon pati nan siy oswa sentòm kansè a ale

Etap: yon mo ki endike si yon kansè simaye, epi si se sa, sou ki distans li simaye

Kijan mwen kapab konnen plis bagay sou kansè mwen?

Si ou gen kesyon sou kansè oswa si ou bezwen èd pou jwenn resous nan zòn ou, tanpri rele Sosyete Ameriken pou Kansè, nan nimewo 1-800-227-2345 nenpòt lè, lajounen oswa lannwit. Ou kapab ale sou sitwèb nou, www.cancer.org, tou pou jwenn plis enfòmasyon.

Languge: Haitian Creole

Last Medical Review: 12/08/2015

Last Revised: 12/08/2015

2016 Copyright American Cancer Society

For additional assistance please contact your American Cancer Society
1-800-227-2345 or www.cancer.org